# БУСАЛБА СТАГА ХІОРА ДИЙНАХЬ ДЕЛА ХЬАХОР

Лекха хинволчу АллахIа аьлла Къурьан тIехь:

﴿فَاذْكُرُونِي أَذْكُرْكُمْ وَاشْكُرُوا لِي وَلاَ تَكْفُرُونِ﴾ **سورة البقرة ١٥٢**

➤Со хьаха ве аш, Ас шу а хьахор ду (тIаккха); Суна шукр а де, Соьца керстаналла а ма де➤

## ІУЬЙРАННА А, СУЬЙРАННА А ДЕШ ДОЛУ ЗИКР

**Іуьйранна а, суьйранна а, дІавижале а А́йатул-курсий дешнарг шайтІанах ларвийр ву:**

﴿اللَّهُ لاَ إِلَهَ إِلاَّ هُوَ الْحَيُّ الْقَيُّومُ لاَ تَأْخُذُهُ سِنَةٌ وَلاَ نَوْمٌ لَهُ مَا فِي السَّمَاوَاتِ وَمَا فِي الْأَرْضِ مَنْ ذَا الَّذِي يَشْفَعُ عِنْدَهُ إِلاَّ بِإِذْنِهِ يَعْلَمُ مَا بَيْنَ أَيْدِيهِمْ وَمَا خَلْفَهُمْ وَلاَ يُحِيطُونَ بِشَيْءٍ مِنْ عِلْمِهِ إِلاَّ بِمَا شَاءَ وَسِعَ كُرْسِيُّهُ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضَ وَلاَ يَئُودُهُ حِفْظُهُمَا وَهُوَ الْعَلِيُّ الْعَظِيمُ﴾ سورة البقرة ٢٥٥

"Аллóхlу лá илáхlа иллá хlувалхьаййул къоййýм, лá таъхузухlý синатуввалá навм, лахlý мá фиссамáвáти ва мá фил ард, манзаллазú йашфаlу lиндахlý иллá биизнихl, йаlламу мá байна айдúхlим ва мá холфахlум, ва лá йухьúтlýна бишайъиммин lилмихlú иллá бимá шáа, васиlа курсиййухlуссамáвáти вал ард, ва лá йаýдухlý хьифзухlумá, ва хlувал lалиййул lазúм".[1]

**Іуьйранна а, суьйранна а хІара сýраташ доьшур ду, кхокх-кхозза**:

بسم الله الرحمن الرحيم

﴿قُلْ هُوَ اللَّهُ أَحَدٌ(١) اللَّهُ الصَّمَدُ(٢) لَمْ يَلِدْ وَلَمْ يُولَدْ(٣) وَلَمْ يَكُنْ لَهُ كُفُوًا أَحَدٌ(٤)﴾

"Бисмилláхlиррохьмáниррохьúм. Къул хlуваллóхlу ахьад. Аллóхlуссомад. Лам йалид ва лам йýлад. Ва лам йакуллахlу куфуван ахьад".[2]

بسم الله الرحمن الرحيم

﴿قُلْ أَعُوذُ بِرَبِّ الْفَلَقِ(١) مِنْ شَرِّ مَا خَلَقَ(٢) وَمِنْ شَرِّ غَاسِقٍ إِذَا وَقَبَ(٣) وَمِنْ شَرِّ النَّفَّاثَاتِ فِي الْعُقَدِ(٤) وَمِنْ شَرِّ حَاسِدٍ إِذَا حَسَدَ(٥)﴾

"Бисмилláхlиррохьмáниррохьúм. Къул аlýзу бироббил фалакъ. Мин шарри мá холакъ. Ва мин шарри гlóсикъин изá вакъоб. Ва мин шарриннаффáсáти фил lукъод. Ва мин шарри хьáсидин изá хьасад".[3]

بسم الله الرحمن الرحيم

﴿قُلْ أَعُوذُ بِرَبِّ النَّاسِ(١) مَلِكِ النَّاسِ(٢) إِلَهِ النَّاسِ(٣) مِنْ شَرِّ الْوَسْوَاسِ الْخَنَّاسِ(٤) الَّذِي يُوَسْوِسُ فِي صُدُورِ النَّاسِ(٥) مِنْ الْجِنَّةِ وَالنَّاسِ(٦)﴾

---

[1] ⮜АллахІ – Иза воцург кхин Дела вац, Дийна верг ву Иза, даим волуш а ву Иза, наб озор а ца хуьлу Цуьнан, наб кхета а ца кхета Цунна, Цуьнан ду стигланашкахь а, латта тІехь а дерг, мила ву Цунна гергахь шафаІат дийр дерг, Цуьнан пурбанца бен? царна хьалха дерг а хаьа Цунна, царна тІехьа дерг а (хаьа Цунна), Цуьнан Іилманах цхьа а хІума ца хаьа царна – Цунна лиъначунна бен, стигланаш а, латта а чулаьцна ду Цуьнан «курсий», и шиъ лардаро хало а ца йо Цунна, Лекха верг а, Воккха верг а ву Иза⮞

[2] ⮜Къинхетаме а, къинхетам беш а волчу АллахІан цІарца! ⮜Ахь ала: Иза АллахІ ву, Цхьаъ волу! Даим дийна волу, массо халкъана оьшуш волу, Шена халкъера хІумма а оьшуш воцу! Цхьа а вац Цунах схьа ваьлла, я дех-ненах схьаваьлла а вац Иза! Накъост хилла а вац Цуьнан цхьа а!⮞

[3] ⮜Къинхетаме а, къинхетам беш а волчу АллахІан цІарца! ⮜Ахь ала: со ларло сатасаран Делаца! Цо кхоьллинчу массо хІуманан вонах! Бодане буьйса тІееъча, цуьнан вонах а! Шеддашна тІе хІупп бохучу зударийн вонах а! ХьагІ йолчуьнан вонах а, цо хьагІ лелочу хенахь!⮞

"Бисмилла́хIиррохьма́ниррохьи́м. Къул аIу́зу бироббинна́с. Маликинна́с. Ила́хIинна́с. Мин шаррил васва́сил хонна́с. Аллази́ йувасвису фи́ судурринна́с. Минал жиннати ванна́с".[1]

**Iуьйранна а, суьйранна а хIара доIа дийр ду цхьаццозза:**

"اَللَّهُمَّ أَنْتَ رَبِّي لاَ إِلَهَ إِلاَّ أَنْتَ خَلَقْتَنِي وَأَنَا عَبْدُكَ وَأَنَا عَلَى عَهْدِكَ وَوَعْدِكَ مَا اسْتَطَعْتُ أَعُوذُ بِكَ مِنْ شَرِّ مَا صَنَعْتُ أَبُوءُ لَكَ بِنِعْمَتِكَ عَلَيَّ وَأَبُوءُ لَكَ بِذَنْبِي فَاغْفِرْ لِي فَإِنَّهُ لاَ يَغْفِرُ الذُّنُوبَ إِلاَّ أَنْتَ"

"Алло́хIумма анта робби́, ла́ ила́хIа илла́ анта, халакътани́, ва ана Iабдука, ва ана Iала́ IахIдика ва ваIдика мастатIаIту. АIу́зу бика мин шарри ма́ санаIту, абу́у лака биниIматика Iалаййа, ва абу́у бизанби́, фагIфир ли́, фаиннахIу́ ла́ йагIфируззуну́ба илла́ анта"[2]

*Нагахь санна цунах баккъалла а теша а тешаш суьйранна аьлча, тIаккха и аьллачуьна цу буса валар нислахь иза йалсамане гIур ву, нагахь санна иза иштта Iуьйранна ала а аьлла, и аьлларг цу дийнахь лахь – иза йалсамане гIур ву.*

**Iуьйранна а, суьйранна а хIара доIа дийр ду цхьаццозза:**

"اَللَّهُمَّ عَالِمَ الْغَيْبِ وَالشَّهَادَةِ فَاطِرَ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ، رَبَّ كُلِّ شَيْءٍ وَمَلِيكَهُ، أَشْهَدُ أَنْ لاَّ إِلَهَ إِلاَّ أَنْتَ، أَعُوذُ بِكَ مِنْ شَرِّ نَفْسِي، وَمِنْ شَرِّ الشَّيْطَانِ وَشِرْكِهِ، وَأَنْ أَقْتَرِفَ عَلَى نَفْسِي سُوءًا، أَوْ أَجُرَّهُ إِلَى مُسْلِمٍ"

"Алло́хIумма Iа́лималгIайби вашшахIа́дати, фа́тIирассама́ва́ти валъарди, робба кулли шайъин ва мали́кахIу́, ашхIаду алла́ ила́хIа илла́ анта, аIу́зу бика мин шарри нафси́, ва мин шарришшайтIо́ни ва ширкихIи́, ва ан акътарифа Iала́ нафси́ су́ан, ав ажуррахIу́ ила́ муслим".[3]

**Iуьйранна а, суьйранна а кхокх-кхозза эр ду:**

"رَضِيتُ بِاللهِ رَباً، وَبِالإِسْلاَمِ دِيناً، وَبِمُحَمَّدٍ ﷺ نَبِياً"

"Роди́ту билла́хIи роббан, ва бил исла́ми ди́нан, ва бимухьаммадин соллалло́хIу IалайхIи ва саллама набиййан".[4]

**Iуьйранна а, суьйранна а кхокх-кхозза эр ду:**

"بِسْمِ اللَّهِ الَّذِي لاَ يَضُرُّ مَعَ اسْمِهِ شَيْءٌ فِي الْأَرْضِ وَلاَ فِي السَّمَاءِ وَهُوَ السَّمِيعُ الْعَلِيمُ"

---

[1] ⮜Къинхетаме а, къинхетам беш а волчу АллахIан цIарца!⮜Ахь ала: со ларло Адамийн Элаца! Адамийн Паччахьца. Адамийн Делаца! Дела хьахийча гучара долучун (вонах), дагчу вон ойланаш туьйсучун вонах! Адамийн дегнаш чу вон ойланаш кхуьссуш долчу! Адамашха а, жинашха долчуьнах а!⮞

[2] «Йа АллахI! Хьо ву сан Эла, Хьо воцург кхин Дела вац, Ахь кхоьллина со, со Хьан лай ву, сайн ницкъ ма-кхоччу Хьан ваIд тIехь (Хьуна муьтIахь) ву со, со ларло Хьоьца айса динчун вонах, со къера ву Ахь суна динчу ниIматна, со къера ву сайн къиношна а, ткъа Ахь гечдехьа суна, баккъалла а къиношна гечдеш верг Хьо бен вац-кх!»

[3] «Йа АллахI! ХIай къайлах дерг а, гучахь дерг а хууш верг! ХIай стигланаш а, латта а кхоьллина верг! ХIай массо хIуманан Эла, массо хIуманан паччахь! Ас тешалла до Хьо воцург кхин Дела цахиларца, сайн син вонах лар ло со Хьоьца, шайтIанан вонах а, цуьнан ширках а лар ло со Хьоьца, ас айса сайна вониг дарх а, йа и вониг кхечу бусалба стагана тIе дехьадаккхарх а лар ло со Хьоьца».

[4] «Со реза хили АллахI сайн Дела хиларна, Ислам сайн дин хиларна, Мухьаммад сайн элча а, пайхамар а хиларна!»

"Бисмилла́хIиллазú ла́ йадурру маIасмихIú шайъун филъарди, ва ла́ фиссама́и, ва хIувассамúIул Iалúм".[1]

**Iуьйранна а, суьйранна а, дIавуьжучу хенахь а цхьаццозза доьшур ду:**

"اَللَّهُمَّ إِنِّي أَسْأَلُكَ الْعَفْوَ وَالْعَافِيَةَ فِي الدُّنْيَا وَالْآخِرَةِ، اَللَّهُمَّ إِنِّي أَسْأَلُكَ الْعَفْوَ وَالْعَافِيَةَ فِي دِينِي وَدُنْيَايَ، وَأَهْلِي وَمَالِي، اَللَّهُمَّ اسْتُرْ عَوْرَاتِي، وَآمِنْ رَوْعَاتِي، اَللَّهُمَّ احْفَظْنِي مِنْ بَيْنِ يَدَيَّ وَمِنْ خَلْفِي وَعَنْ يَمِينِي وَعَنْ شِمَالِي وَمِنْ فَوْقِي وَأَعُوذُ بِعَظَمَتِكَ أَنْ أُغْتَالَ مِنْ تَحْتِي"

"Алло́хIумма иннú асъалукал Iафва валIа́фийата фиддунйа́ вал а́хирати, алло́хIумма иннú асъалукал Iафва валIа́фийата фú дúнú ва дунйа́йа, ва ахIлú, ва ма́лú. Алло́хIуммастур Iаврá тú, ва а́мин равIа́тú, алло́хIуммахьфазнú мин байни йадаййа, ва мин халфú, ва Iан йамúнú, ва Iан шима́лú ва мин фавкъú, ва аIу́зу биIазаматика ан угIта́ла мин тахьтú".[2]

**Iуьйранна цкъа доьшур ду:**

"اَللَّهُمَّ بِكَ أَصْبَحْنَا وَبِكَ أَمْسَيْنَا وَبِكَ نَحْيَا وَبِكَ نَمُوتُ وَإِلَيْكَ النُّشُورُ"

"Алло́хIумма бика асбахьна́, ва бика амсайна́, ва бика нахьйа́, ва бика наму́ту, ва илайканнушу́р".[3]

**Iуьйранна цкъа доьшур ду:**

" Алло́хIумма иннú асъалука Iилман на́фиIан, ва ризкъан тIоййибан, ва Iамалан мутакъаббалан".[4]

"اللَّهُمَّ إِنِّي أَسْأَلُكَ عِلْمًا نَافِعًا وَرِزْقًا طَيِّبًا وَعَمَلاً مُتَقَبَّلاً"

**Iуьйранна цкъа доьшур ду:**

"أَصْبَحْنَا وَأَصْبَحَ الْمُلْكُ لِلَّهِ وَالْحَمْدُ لِلَّهِ، لاَ إِلَهَ إِلاَّ اللَّهُ وَحْدَهُ لاَ شَرِيكَ لَهُ، لَهُ الْمُلْكُ وَلَهُ الْحَمْدُ وَهُوَ عَلَى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ، رَبِّ أَسْأَلُكَ خَيْرَ مَا فِي هَذَا الْيَوْمِ وَخَيْرَ مَا بَعْدَهُ وَأَعُوذُ بِكَ مِنْ شَرِّ مَا فِي هَذَا الْيَوْمِ وَشَرِّ مَا بَعْدَهُ، رَبِّ أَعُوذُ بِكَ مِنَ الْكَسَلِ، وَسُوءِ الْكِبَرِ، رَبِّ أَعُوذُ بِكَ مِنْ عَذَابٍ فِي النَّارِ وَعَذَابٍ فِي الْقَبْرِ"

"Асбахьна́ ва асбахьал мулку лилла́хIи вальхамду лилла́хIи, ла́ ила́хIа иллалло́хIу вахьдахIу́ ла́ шарúка лахI, лахIулмулку ва лахIулхьамду ва хIува Iала́ кулли шайъин къадúр. Робби асъалука хайра ма́ фú хIа́зал йавми ва хайра ма́ баIдахI, ва аIу́зу бика мин шарри ма́ фú хIа́зал йавми ва шарри ма́ баIдахI. Робби аIу́зу бика

---

[1] «АллахIан цIарца, Шен цIарца хилча лаьттахь а, стиглахь а долчу цхьа а хIумано зен ца деш волчу (АллахIан цIарца), Иза Хезаш а, Хууш а ву!»

[2] «Йа АллахI! Ас гечдар доьху Хьоьга, ирс а (беркат а) доьху Хьоьга, дуьненахь а, эхартахь а. Йа АллахI! Ас гечдар доьху Хьоьга, сан динехь а, сан дахарехь а, сан охIлунна а, сан даьхнина а беркат а доьху Хьоьга. Йа АллахI! Сан (вон) къайленаш къайла яхийта Ахь, сан кхерамаш а суна кхерамаза бе Ахь. Йа АллахI! Со ларве Ахь хьалха а, тIехьа а, аьтту агIор а, аьрру агIор а, тIехула а. (Йа АллахI) Хьан воккхаллийца ларло со, мохк бегийна со валарх».

[3] «Йа АллахI! Хьан пурбанца Iуьйренга доьвли тхо, Хьан пурбанца суьйренга а довлу тхо, Хьан пурбанца даха а деха тхо, Хьан лаамца дала а ле тхо, деллачул тIаьхьа Хьоьга дерзар а ду тхан».

[4] «Йа АллахI! Ас пайдане Iилма а доьху Хьоьга, дика-цIена рицкъа а доьху Хьоьга, къобал хир йолу Iамал а йоьху Хьоьга».

минал касали ва су́илкибар, робби аӀу́зу бика мин Ӏаза́бин финна́ри ва Ӏаза́бин филкъабр".[1]

**суьйранна доьшуш хилча иштта ала деза:**

"أَمْسَيْنَا وَأَمْسَى الْمُلْكُ لِلَّهِ وَالْحَمْدُ لِلَّهِ، ..."

"Амсайна ва амсал мулку лилла́хӀи, валхьамдулилла́хӀ…".[2]

**Суьйранна цкъа доьшур ду:**

"اَللَّهُمَّ بِكَ أَمْسَيْنَا وَبِكَ أَصْبَحْنَا وَبِكَ نَحْيَا وَبِكَ نَمُوتُ وَإِلَيْكَ الْمَصِيرُ"

"Алло́хӀумма бика асбахьна́, ва бика амсайна́, ва бика нахьйа́, ва бика наму́ту, ва илайкал маси́р".[3]

**ХӀара доӀа кхозза суьйранна дешча а, йа ша новкъа воьдуш волуш сецначу меттехь дешча а, йа кхечу муьлххачу меттехь, муьлхха хенахь дешча, цу меттера иза дӀаваллалц цхьане а хӀумано зен дийр дац цунна:**

"أَعُوذُ بِكَلِمَاتِ اللَّهِ التَّامَّاتِ مِنْ شَرِّ مَا خَلَقَ"

"АӀу́зу бикалима́тилла́хӀиттаммаати мин шарри ма́ халакъ".[4]

---

[1] «Іуьйренга доьвли вай, хІокху Іуьйранна паччахьалла а АллахІан ду, АллахІана хастам а бу, АллахІ воцург кхин Дела вац, ша цхьаъ ву Иза, Цуьнца накъост а вац, паччахьалла Цуьнан ду, хастам а Цунна бу, Иза массо хІуманна тІехь ницкъ болуш а ву. Сан Эла! Ас Хьоьга доьху хІокху дийнахь долу дика а, хІоккхул тІаьхьа долу дика а, со Хьоьца лар а ло хІокху дийнахь долчу вонах, хІоккхул тІаьхьа долчу вонах а. Сан Эла! Со Хьоьца ларло малонах, куралллин вонах. Сан Эла! Со Хьоьца ларло цІергахь долчу Іазапах а, каш чохь долчу Іазапах а».

[2] «Суьйренга доьвли вай, хІокху суьйранна паччахьалла а АллахІан ду, АллахІана хастам а бу …»

[3] «Йа АллахІ! Хьан пурбанца Іуьйренга доьвли тхо, Хьан пурбанца суьйренга а довлу тхо, Хьан пурбанца даха а деха тхо, Хьан лаамца дала а ле тхо, Хьоьга дерзар а ду тхан».

[4] «Со ларло АллахІан кхачаме долчу дешнашца, Цо кхоьллинчу массо хІуманийн вонах!»

## ПАРЗ-ЛАМАЗАЛ ТIАЬХЬА

## ДОККХУШ ДОЛУ ТАСБИХЬ

"АстагIфируллахI" «АллахIе гечдар доьху ас» (кхозза эр ду) "أَسْتَغْفِرُ اللهَ"

"اَللَّهُمَّ أَنْتَ السَّلاَمُ، وَمِنْكَ السَّلاَمُ، تَبَارَكْتَ يَا ذَا الْجَلاَلِ وَالإِكْرَامِ، لاَ إِلَهَ إِلاَّ اللهُ وَحْدَهُ لاَ شَرِيكَ لَهُ، لَهُ الْمُلْكُ وَلَهُ الْحَمْدُ وَهُوَ عَلَى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ، اَللَّهُمَّ لاَ مَانِعَ لِمَا أَعْطَيْتَ وَلاَ مُعْطِيَ لِمَا مَنَعْتَ وَلاَ يَنْفَعُ ذَا الْجَدِّ مِنْكَ الْجَدُّ"

"АллóхIумма антассаламу ва минкассалáму, табáракта йá залжалáли валъикрóм. Лá илáхIа иллаллóхIу вахьдахIý лá шарúка лахI, лахIулмулку ва лахIулхьамду ва хIува Iалá кулли шайъин къадúр. АллóхIумма лá мáниIа лимá аIтIойта, ва лá муIтIийа лимá манаIта, ва лá йанфаIу залжадди минкал жадд".[1]

"لاَ إِلَهَ إِلاَّ اللهُ وَحْدَهُ لاَ شَرِيكَ لَهُ، لَهُ الْمُلْكُ وَلَهُ الْحَمْدُ وَهُوَ عَلَى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ. لاَ حَوْلَ وَلاَ قُوَّةَ إِلاَّ بِاللَّهِ، لاَ إِلَهَ إِلاَّ اللَّهُ، وَلاَ نَعْبُدُ إِلاَّ إِيَّاهُ، لَهُ النِّعْمَةُ وَلَهُ الْفَضْلُ وَلَهُ الثَّنَاءُ الْحَسَنُ، لاَ إِلَهَ إِلاَّ اللَّهُ مُخْلِصِينَ لَهُ الدِّينَ وَلَوْ كَرِهَ الْكَافِرُونَ"

"Лá илáхIа иллаллóхIу вахьдахIý лá шарúка лахIу, лахIулмулку, ва лахIулхьамду, ва хIува Iалá кулли шайъин къадúр. Лá хьавла ва лá къуввата иллá биллáхI, лá илáхIа иллаллóхIу ва лá наIбуду иллá иййáхI. ЛахIунниIмату, ва лахIулфадлу, ва лахIуссанáул хьасан. Лá илáхIа иллаллóхIу мухлисúна лахIуддúна ва лав карихIалкáфирýн".[2]

### Áйатул-курсий доьшур ду:

﴿اللَّهُ لاَ إِلَهَ إِلاَّ هُوَ الْحَيُّ الْقَيُّومُ لاَ تَأْخُذُهُ سِنَةٌ وَلاَ نَوْمٌ لَهُ مَا فِي السَّمَاوَاتِ وَمَا فِي الْأَرْضِ مَنْ ذَا الَّذِي يَشْفَعُ عِنْدَهُ إِلاَّ بِإِذْنِهِ يَعْلَمُ مَا بَيْنَ أَيْدِيهِمْ وَمَا خَلْفَهُمْ وَلاَ يُحِيطُونَ بِشَيْءٍ مِنْ عِلْمِهِ إِلاَّ بِمَا شَاءَ وَسِعَ كُرْسِيُّهُ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضَ وَلاَ يَئُودُهُ حِفْظُهُمَا وَهُوَ الْعَلِيُّ الْعَظِيمُ﴾

"АллóхIу лá илáхIа иллá хIувалхьаййул къоййýм, лá таъхузухIý синатуввалá навм, лахIý мá фиссамáвáти ва мá фил ард, манзаллазú йашфаIу IиндахIý иллá биизнихI, йаIламу мá байна айдúхIим ва мá холфахIум, ва лá йухьúтIýна бишайъиммин IилмихIú иллá бимá шáа, васиIа курсиййухIуссамáвáти вал ард, ва лá йаýдухIý хьифзухIумá, ва хIувал Iалиййул Iазúм".[3]

---

[1] «Йа АллахI! Хьо массо кхачамбацарех маьрша верг ву, маршо Хьоьгара а ю, беркате ву Хьо, хIай Сийлахьаллин а, Комаьршаллин а да верг. АллахI воцург кхин Дела вац, ша цхьаъ ву Иза, Цуьнца накъост а вац, паччахьалла Цуьнан ду, хастам а Цунна бу, Иза массо хIуманна тIехь ницкъ болуш а ву. Йа АллахI! Ахь делларг сацо а, духатоха а цхьа вац, Ахь сацийнарг дала а цхьа вац, дуьненан ирс долчунна цуьнан ирсо цунна пайда бийр бац, ткъа ирс Хьоьгара ду».

[2] «АллахI воцург кхин Дела вац, ша цхьаъ ву Иза, Цуьнца накъост а вац, паччахьалла Цуьнан ду, хастам а Цунна бу, Иза массо хIуманна тIехь ницкъ болуш а ву. Ницкъ а бац, гIора а дац АллахIера доцург. АллахI воцург кхин Дела вац, Цунна цхьанна бен вай Iибадат деш а дац, ниIмат а Цуьнан ду, дозалла а Цуьнан ду, хаза хестор а Цуьнан хьакъ ду, АллахI воцург кхин Дела вац (олу вай), цIенчу даггара, Цуьнан доьхьа, керста нахана иза цадезахь а».

[3] ≺АллахI – Иза воцург кхин Дела вац, Дийна верг ву Иза, даим волуш а ву Иза, наб озор а ца хуьлу Цуьнан, наб кхета а ца кхета Цунна, Цуьнан ду стигланашкахь а, лаьтта тIехь а дерг, мила ву Цунна гергахь шафаIат дийр дерг, Цуьнан пурбанца бен? царна хьалха дерг а хаьа Цунна, царна тIехьа дерг а (хаьа Цунна), Цуьнан Iилманах цхьа а хIума ца хаьа=

*И а́йат хIора парз-ламазал тIаьхьа доьшуш волчунна ялсамани чу ваха дуьсуш хIума дац, валар доцург.*

"Субхьа́наллáхI"[1] (33-зза эр ду) "سُبْحَانَ اللهِ"

"АлхьамдулиллáхI"[2] (33-зза эр ду) "اَلْحَمْدُ لِلَّهِ"

"Аллóхlу акбар"[3] (33-зза эр ду) "اَللهُ أَكْبَرُ"

**бIе зикр хьаладузуьйтуш хIара эр ду:**

"لاَ إِلَهَ إِلاَّ اللهُ وَحْدَهُ لاَ شَرِيكَ لَهُ، لَهُ الْمُلْكُ وَلَهُ الْحَمْدُ وَهُوَ عَلَى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ"

"Лá илáхIа иллаллóхIу вахьдахIу лá шарúка лахI, лахIулмулку ва лахIулхьамду, ва хIува Iалá кулли шайъин къадúр".[4]

*Парз-ламазал тIаьхьа иштта и дешнаш аьллачунна гечдийр ду цуьнан къинош, хIурдан чопа санна уьш дукха хилахь а.*

**Iуьйра а, маьркIижа а шина ламазал тIаьхьа кхокх-кхозза доьшур ду хIара сураташ, дисинчу парз-ламазел тIаьхьа цхьаццозза доьшур ду:**

﴿قُلْ أَعُوذُ بِرَبِّ النَّاسِ ...﴾ ﴿قُلْ أَعُوذُ بِرَبِّ الْفَلَقِ ...﴾ ﴿قُلْ هُوَ اللَّهُ أَحَدٌ ...﴾

➤Къул хIуваллóхIу ахьад…➤ ➤Къул аIýзу бироббил фалакъ…➤ ➤Къул аIýзу бироббиннáс..➤

**ХIара зикр Iуьйра а, маьркIижа а шина ламазал тIаьхьа итт-иттозза доьшур ду:**

"لاَ إِلَهَ إِلاَّ اللهُ وَحْدَهُ لاَ شَرِيكَ لَهُ، لَهُ الْمُلْكُ وَلَهُ الْحَمْدُ يُحْيِي وَيُمِيتُ وَهُوَ عَلَى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ"

"Лá илáхIа иллаллóхIу вахьдахIу лá шарúка лахI, лахIулмулку ва лахIулхьамду, йухьйú ва йумúту ва хIува Iалá кулли шайъин къадúр".[5]

---

= царна – Цунна лиъначунна бен, стигланаш а, латта а чулаьцна ду Цуьнан «курсий», и шиъ лардаро хало а ца йо Цунна, Лекха верг а, Воккха верг а ву Иза➤

[1] «ЦIена ву АллахI».

[2] «Хастам бу АллахIана».

[3] «Массо хIумнал воккха ву АллахI».

[4] «АллахI воцург кхин Дела вац, ша цхьаъ ву Иза, Цуьнца накъост а вац, паччахьалла Цуьнан ду, хастам а Цунна бу, Иза массо хIуманна тIехь ницкъ болуш а ву».

[5] «АллахI воцург кхин Дела вац, ша цхьаъ ву Иза, Цуьнца накъост а вац, паччахьалла Цуьнан ду, хастам а Цунна бу, (Шена луъург) ден во Цо, вала а волуьйту. Иза массо хIуманна тIехь ницкъ болуш а ву».